



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MOBILIZE POU AJANDA KITE YO KONSTRI PANDAN SIPÒ A
AP OGMANTE NAN TOUT ETA A**

Refòm bon sans yo nan Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònmantal Eta a pral akselere konstriksyon lojman lokalite yo vle tout pandan y ap prezève pwoteksyon anviwònmantal yo

Ajanda a pral redui biwokrasi ki retade konstriksyon enfrastrikti enpòtan yo tankou dlo pwòp, enfrastrikti vèt ak pak yo

Eta a pral etabli dat limit klè pou revizyon anviwònman, estandadize ak senplifye pwosesis revizyon epi akselere gwo pwojè yo

Baze sou ajanda Istorik Gouvènè a pou adrese kriz lojman nan Nouyòk epi fè Eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòkè yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mobilize ak lidè lokal yo pou soulinye ajanda "Kite Yo Konstwi" (Let Them Build) li a, yon seri gwo refòm pou akselere pwojè lojman ak enfrastrikti epi bese depans yo, kòm yon pati nan ajanda Eta Leta 2026 li a. Inisyativ sa a pral ankouraje yon seri refòm bon sans pou Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònmantal (State Environmental Quality Review Act, SEQRA) Eta Nouyòk la ansanm ak aksyon egzekitif pou akselere kategori pwojè ki esansyèl yo toujou jwenn ki pa gen enpak siyifikatif sou anviwònman an, men ki pandan twò lontan yo te bloke akòz biwokrasi (fòmaliite administratif) yo epi yo te sijè a gwo reta. Ansanm, aksyon sa yo ap fè li pi fasil pou konstwi lojman ak enfrastrikti ke lokalite yo vle. Pwopozisyon Gouvènè a kounye a jwenn sipò Asosyasyon Konte Eta Nouyòk yo (New York State Association of Counties, NYSAC), Asosyasyon Vil Eta Nouyòk (New York State Association of Towns, NYAOT), ak Konferans Majistra Eta Nouyòk (New York State Conference of Mayors, NYCOM), ansanm ak Majistra Vil Nouyòk Zohran Mamdani ak plizyè douzèn lòt ofisyèl lokal eli ki soti nan kominote yo atravè Nouyòk.

"Pandan twò lontan, biwokrasi initil ak demode te bloke lojman ak enfrastrikti ke Nouyòkè yo bezwen pou adrese kriz lojman an epi pou rann lavi pi abòdab nan kominote yo atravè eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nouyòk se yon kote ki defini pa anbisyon san limit nou an — nou se yon eta k ap bati. Li lè pou nou koupe biwokrasi ki twò souvan ralanti pwojè yo epi kite kominote yo bati, pou nou ka ofri tout

Nouyòkè yo eta ki pi abòdab e ki pi fasil pou viv la ke yo merite a epi atire nouvo rezidan ki vle rele Nouyòk lakay yo."

Jodi a, li twò difisil pou konstwi gwo pwojè nan Nouyòk: pwojè fabrikasyon, lojman ak enèji ka pran jiska 56 pousan plis tan nan Eta Nouyòk pou pase soti nan konsèp pou rive nan lansman konstriksyon, konpare ak lòt eta ki nan menm kategori a. Pwojè ki dire plis vle di depans ki pi wo, e se yon defi ki vin pi grav nan kriz lojman Nouyòk la, kote sèl solisyon pou pri ki wo ak lojman ki ra se konstwi plis lojman pi vit ak pi bon mache pase anvan. Selon yon rapò ki soti nan Komisyon Bidjè Sitwayen an, biwokrasi ogmante pri pou konstwi yon inite lojman pa sa ki ekivalan a yon ogmantasyon pri 82,000 dola pou chak inite nan Vil Nouyòk. Menm jan an tou, kondisyon ki twòp retade investisman ki nesèsè nan enfrastrikti dlo pwòp, sant gadri, ak pak yo.

Majistra Vil Nouyòk, Zohran Mamdani, te deklare, "Nou pa ka rezoud kriz lojman nou an san nou pa fasilite konstriksyon lojman nan Vil Nouyòk. Refòm revizyon anviwònmanal ap pèmèt modènize règleman nou yo pou adapte yo ak 21èm syèk la epi asire nou kapab reyalize yon ajanda aksesibilite selon delè ki nesèsè a. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou pwopozisyon bon sans sa a epi mwen swete li pral fè pati bidjè eta ki adopte ane sa a. Nouyòkè yo pa ka tann ankò pou wè aksyon sou lojman."

Stephen J. Acquario, Direktè Egzekitif Asosyasyon Konte Eta Nouyòk yo, te deklare, "Konte atravè Eta Nouyòk yo rekonèt ke Lwa Eta sou Revizyon Kalite Anviwònman an gen yon wòl enpòtan nan pwoteje resous natirèl nou yo ak kominote yo, men nou konnen tou ke pwosesis SEQR aktyèl la ka twò konplike, pran anpil tan, epi chèn — souvan li retade pwojè lojman ak enfrastrikti ki gen ti oswa pa gen okenn enpak anviwònman. Nou akeyi revizyon Gouvènè a nan kad SEQR la epi nou espere kolabore avèk li ak Lejislati a pou modènize pwosesis la nan yon fason ki kenbe pwoteksyon anviwònman solid pandan li pèmèt konte ak minisipalite yo delivre lojman ak enfrastrikti ke moun Nouyòk yo bezwen ijans."

Barbara Van Epps, ki se Direktè Egzekitif Konferans Majistra Eta Nouyòk (New York State Conference of Mayors, NYCOM), te deklare, "NYCOM bat bravo pou Gouvènè Hochul pou efò li fè pou senplifye pwosesis Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònmanal (SEQRA) Eta a, tout pandan li ap prezève kontwòl lokal la. SEQRA te fèt pou pwoteje anviwònman an, men yo twò souvan itilize li pou retade oswa bloke pwojè ki ta pote benefis klè pou anviwònman an ak kominote a. Refòm sible sa yo ta jwenn yon balans enpòtan lè yo akselere pwojè ki gen yon enpak minimòm sou anviwònman an, tout pandan yo ap pèmèt kominote yo avanse ak investisman kritik nan lojman, enfrastrikti dlo ak dlo ize, ak lòt sèvis esansyèl."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Vil Nouyòk, Christopher A. Koetzle, te deklare, "Asosyasyon Vil Nouyòk la sipòte efò gouvènè a pou diminye biwokrasi epi modènize Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònmanal (SEQRA) Eta a. Nou pa ka tann pou nou kontinye patenarya nou ak gouvènè a epi travay ansanm nou pral fè pou ede gouvènman lokal yo vin pi efikas tout pandan yo ap toujou asire entegrite pwosesis revizyon itilizasyon tè a."

Ede Kominote Nou yo Konstwi Lojman Nou Bezwen

Lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, li te pwomèt pou atake kriz lojman an epi bese depans yo lè li konstwi lojman moun Nouyòk yo bezwen avèk dezespwa, pou plis fwaye ak fanmi k ap travay di ka peye yon kote pou yo rele lakay yo. Sepandan, twòp devlopman lojman abòdab ki nesèsè anpil oblije travèse yon kantite pwosedi administratif Eta a mete ki ajoute depans ki pa nesèsè epi lakòz plizyè ane reta, menm lè yo toujou jwenn pwojè sa yo pa gen okenn enpak anviwònman ki siyifikatif. Etid yo montre kijan revizyon anviwònman Eta a egzije a ka ralanti pwojè lojman yo an mwayèn pou de ane, sa ki koute plizyè santèn milye dola pou chak pwojè, nan yon moman kote moun Nouyòk yo mwens kapab tann pou lojman yo bezwen pou yo ka kontinye viv ak pwospere nan Nouyòk.

Pou akselere devlopman lojman pou kreye yon Nouyòk ki pi abòdab ak dirab, Gouvènè Hochul pwopoze pou amande Lwa sou Revizyon Kalite Anviwònmantal (SEQRA) Eta sou pou egzante kèk kalite pwojè lojman ki pa gen okenn enpak siyifikatif sou anviwònman an ki soti nan revizyon SEQRA anplis. Lojman ki egzante SEQRA a ap toujou oblije konfòme yo avèk règleman ak pèmi enpòtan Eta a ki gouvènè itilizasyon dlo, kalite lè a, jistis anviwònmantal, ak pwoteksyon resous natirèl yo. Pwopozisyon an pa ranplase zonaj lokal la ak lòt egzijans pou pèmi, epi lojman yo egzante yo dwe sitiye tou andeyò zòn ki gen risk inondasyon pou yo ka kalifye.

Plizyè ane eksperyans nan vil Nouyòk ak atravè eta a, ki enplike plis pase mil pwojè, montre ke pratikman okenn nan pwojè sa yo pa te gen enpak siyifikatif sou anviwònman an, men kanmenm yo te toujou sijè a revizyon ki pran anpil tan. Refòm sa yo pral akselere livrezon lojman ki tèlman nesèsè epi diminye pri konstriksyon an nan yon fason ki ann amoni ak devlopman dirab ki pwoteje anviwònman an, sa ki pral bese pri lojman ak lwaye atravè tout eta a pandan n ap pwoteje resous natirèl nou yo.

Akselere Pwojè Enfrastrikti ki Enpòtan ke Nouyòkè yo depann de yo

Gouvènè Hochul te pwopoze tou mezi pou fasilite livrezon pi rapid ak pi bon mache yon seri gwo pwojè enfrastrikti ki gen anpil enpòtans e ke Nouyòkè yo depann de yo.

Espesyalman, Gouvènè a pwopoze pou ajiste klasifikasyon SEQRA yo pou egzante kategori enfrastrikti enpòtan sa yo ki satisfè kritè espesifik revizyon SEQRA adisyonèl yo pou yo ka kòmanse sèvi Nouyòkè yo pi vit:

- Enfrastrikti Dlo Pwòp: Enfrastrikti dlo enpòtan ki evite enpak sou resous natirèl yo.
- Enfrastrikti vèt: Jesyon dlo lapli ki baze sou lanati.
- Pak ak Santye: Pak piblik ak chemen rekreyasyon pou bisiklèt/pyeton
- Gadri pou Timoun: Sant gadri ki nouvo oswa renove

Pwopozisyon Gouvènè Hochul la ta rezève pwosesis revizyon anviwònmantal rapid sa yo sèlman pou enfrastrikti ki ta sitiye nan zòn ki te deja deranje, pou pwoteje resous natirèl nou yo ak tè ki pa t janm modifye, pandan n ap ranfòse katye nou yo. Apwòch Gouvènè a ap bay benefis anviwònman ki klè, tankou amelyorasyon nan kalite lè ak dlo, rediksyon emisyon gaz ki lakòz efè tèmik, epi prezèvasyon abita ki esansyèl yo,

konpare ak politik ki ankouraje ekspansyon dezòdone ak devlopman san kontwòl nan zòn natirèl yo.

Kounye a, delè revizyon SEQRA yo varye anpil selon pwojè yo, sa ki kreye enprevezibilite pou kominote lokal yo, responsab pwojè yo, ak ajans eta yo tou. Pou diminye biwokrasi a, Gouvènè Hochul pwopoze pou:

- Pran desizyon pi rapid pou kominote lokal yo lè yo fikse delè klè pou deklarasyon enpak anviwònmantral epi ankouraje responsablite.
- Senplifye deklarasyon enpak anviwònmantral yo pou diminye delè revizyon pou kategori pwojè kle yo.
- Modènize pwosesis pèmi Nouyòk yo pou ekonomize tan ak lajan pou lokalite yo lè yo amelyore pwosesis yo epi itilize nouvo teknoloji yo.
- Akselere gwo pwojè enfrastrikti eta a pou sèvi Nouyòkè yo pi vit
- Sipòte kominote lokal yo atravè yon nouvo akademi pèmi

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Nouyòkè yo bezwen plis opòtinite pou lwe apatman epi achte kay yo kapab peye. Refòm SEQRA yo ki dekri nan ajanda Kite yo Bati Gouvènè a pral akonpli sa lè yo pote klarite, vitès, ak jistis nan pwosesis pou ogmante rezèv lojman ak bati enfrastrikti ak resous kominotè ki mache avèk li. Chanjman ak modènizasyon Gouvènè a ap pwopoze yo pral diminye tan li pran pou demare a plis pase senkant pousan tout pandan y ap kontinye prezève ak pwoteje resous natirèl nou yo. Sa a se yon lide briyan ki pral fè yon gwo diferans nan kreye kay ak kominote k ap pwospere ke moun yo merite."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta Nouyòk, Amanda Lefton, te deklare, "Ajanda 'Kite yo bati' Gouvènè Hochul la santre sou ankourajman pou fè sa ki byen, pou evite enpak sou resous natirèl yo, lè yo ankouraje devlopman nan sit ki te deja modifye yo. Refòm ki gen bon sans nan SEQRA yo pral akselere livrezon lojman abòdab ki gen zonaj ak otorizasyon ansanm ak lòt pwojè enfrastrikti enpòtan ke Nouyòkè yo bezwen, epi asire plis sètitud nan delè revizyon anviwònmantral la sou amelyorasyon transpò vital, enfrastrikti minisipal, ak lòt pwojè ki benefisye kominote lokal yo. Apwòch Gouvènè a pral bay benefis anviwònmantral byen koni konpare ak règleman ki ankouraje ekspansyon ak devlopman san kontwòl zòn natirèl yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development (ESD) Ian, Hope Knight, te deklare, "Ajanda 'Kite yo Bati' Gouvènè Hochul la se yon etap enpòtan nan direksyon pou reyalize pwojè lojman, enfrastrikti ak enèji pwòp pou benefisye tout Nouyòkè yo. Lè yo modènize revizyon anviwònmantral la, fikse delè klè ak responsab, epi retire baryè ki pa nesèsè yo tout pandan y ap kenbe pwoteksyon anviwònmantral solid, refòm sa yo pral diminye depans yo, akselere devlopman responsab la, epi ranfòse kominote yo nan tout eta a."

Majistra Vil New Rochelle, Yadira Ramos-Herbert, te deklare, "Gouvènman lokal yo sou liy devan pou founi lojman, enfrastrikti, ak amelyorasyon kominotè, epi pwosesis revizyon ki long ak repetitif ka ralanti pwojè rezidan yo konte sou yo. Pwopozisyon

Gouvènè Hochul pou modènize SEQRA rekonèt bezwen pou pwoteje anviwònman nou an pandan li fè li pi fasil pou kominote yo avanse avèk responsablite. Lè yo diminye reta ki pa nesesè yo epi amelyore kowòdinasyon, refòm sa yo pral ede bese depans yo, ogmante transparans, epi pèmèt minisipalite tankou pa nou an planifye ak konstwi yon fason ki pi efikas. Mwen apresye lidèchip Gouvènè a nan avanse refòm reflechi ki sipòte kwasans dirab ak kominote ki pi fò ak plis rezistan."

Majistra Vil Peekskill, Vivian C. McKenzie, te deklare, "Pou gouvènman lokal yo, tan gen enpòtans. Pwopozisyon Gouvènè Hochul pou modènize SEQRA konsantre sou retire reta ki pa nesesè yo pou kominote yo ka avanse sou pwojè lojman, enfrastrikti, ak pwojè kalite lavi ke rezidan yo t ap tann depi lontan. Refòm sa yo respekte pwoteksyon anviwònman an pandan y ap bay vil ak vilaj yo zouti yo bezwen pou planifye, konstwi, ak grandi yon fason responsab. Mwen apresye lidèchip Gouvènè a nan rekonèt refòm entelijan ka ranfòse alafwa anviwònman nou an ak ekonomi lokal nou yo."

Majistra Vilaj Pelham, Chance Mullen, te deklare, "Lidè lokal yo t ap mande refòm SEQRA depi plizyè ane, e se yon bagay ki ankourajan pou nou wè Gouvènè Hochul koute yo. Mwen optimis avèk pridans ke pwopozisyon sa a ka ede kominote yo delivre lojman rezidan nou yo bezwen pandan li retire birokwas ki pa nesesè. Fè li pi fasil pou konstwi kay esansyèl pou diminye depans pou Nouyòkè chak jou epi satisfè bezwen elektè nou yo."

Majistra Vilaj Fredonia, Mike Ferguson, te deklare, "Amanman Gouvènè Hochul pwopoze nan atik aktyèl Lwa Eta sou Revizyon Kalite Anviwònman (SEQRA) an pral gen pi gwo enpak lè li ede elimine plis obstak pou sitwayen ki vle achte kay ki pa gwo ak kay pou plizyè fanmi. Sa pral retire yon lòt chay finansye ankò pou achte kay yo. Sa se yon gwo èd pou kominote ki gen menm gwo ak pa nou an. Yon lòt fwa ankò, Gouvènè a ap montre li konbat pou fanmi yo epi li konbat pou nou chak jou."

Sipèvizè Vil East Hampton lan, Kathee Burke-Gonzalez, te deklare, "East Hampton bezwen plis lojman abòdab pou moun ki kenbe vil nou an ap fonksyone ka kontinye viv isit la, enkli pwofesè, pwofesyonèl swen sante, premye entèvenan, anplwaye vil la, ak jèn fanmi. Mwen apresye Gouvènè Hochul paske l fè sa yon priyorite epi paske l sipòte yon pwosesis revizyon ki pi klè ak konsistan ki ede kominote yo konstwi kay moun Nouyòk yo bezwen pandan y ap kontinye pwoteje anviwònman nou an, dlo nou an, ak espas ouvè nou yo."

Majistra Vil Rochester a, Malik Evans, te deklare, "Mwen bat bravo pou refòm regilasyon Gouvènè Kathy Hochul yo pwopoze a, ki pral kontinye pwoteje anviwònman nou an tout pandan y ap diminye biwokrasi ki pa nesesè. Refòm sa yo ap pèmèt nou avanse rapidman sou pwojè ki enpòtan pou sante ak sekirite rezidan nou yo."

Majistra Vil White Plains, Justin Brasch, te deklare, "Mwen bat bravo pou refòm SEQRA Gouvènè Hochul yo pwopoze atravè Ajanda Kite yo Bati li a", deklarasyon Majistra White Plains, Justin Brasch. "Chanjman sa yo ki gen bon sans retire biwokrasi ki pa nesesè tout pandan y ap jwenn bon balans lan—ankouraje kwasans entelijan epi

prezève otorite zonaj, règ otonòm, ak entegrite anviwònman an. Kòm vil ki ap grandi pi rapid nan Eta Nouyòk, White Plains bezwen zouti ki pèmèt nou konstwi pi vit e nan yon pri ki pi abòdab, e plan sa a bay rezilta."

Majistra Vil Mount Vernon lan, Shawyn Patterson-Howard, te deklare, "Nan Mount Vernon, biwokrasi administratif la twò souvan toufe pwogrè kominote nou an merite a, sa ajoute plizyè ane reta ak plizyè milyon dola nan depans pou pwojè ki an sekirite e ki nesèsè. Mwen sipòte ajanda "Kite yo Bati" Gouvènè Hochul la nèt paske li bay lidè lokal yo pouvwa pou yo bay rezilta pi vit. Lè nou modènize SEQRA pou pwojè ki pa gen okenn enpak siyifikatif sou anviwònman an, n ap ouvri chemen an pou kay abòdab ak lojman modèn fanmi nou yo bezwen tout pandan n ap rete yon bon responsab pou anviwònman nou an."

Majistra Vil Kingston, Steve Noble, te deklare, "Gouvènman lokal yo vle avanse sou pwojè lojman ak enfrastrikti ke kominote nou yo bezwen, men pwosesis la ka ralanti e enprevizib. Pwopozisyon Kite yo Bati Gouvènè Hochul la adopte yon apwòch byen reflechi lè li senplifye delè revizyon yo tout pandan l ap prezève pwoteksyon anviwònman an. Chanjman sa yo ta bay vil tankou Kingston plis sètitud, ede kontwole depans yo, epi pèmèt nou planifye ak konstwi pi efikasan pou rezidan nou yo."

Joe DeStefano ki se Majistra Vil Middletown lan, te deklare, "Nan Middletown, nou konsantre sou fè pwojè yo pase de planifikasyon pou vin tounen reyalite, kit se lojman, enfrastrikti, oswa reyenvestisman nan sant vil nou an ak nan katye yo. Lè revizyon yo pran twòp tan oswa pa gen delè klè, sa ka ralanti pwogrè a epi ogmante depans yo. Ajanda Kite yo Bati Gouvènè Hochul la mete aksan sou previzibilite ak efikasite, tout pandan y ap kenbe pwoteksyon anviwònman solid. Apwòch sa a bay gouvènman lokal tankou pa nou an kapasite pou avanse yon fason responsab epi bay rezilta pou rezidan yo."

Majistra Vil Buffalo a, Sean Ryan, te deklare, "Bezwen Buffalo pou plis lojman ak modènizasyon enfrastrikti esansyèl nou yo parèt chak jou. Ajanda "Kite yo bati" Gouvènè Hochul la ede gouvènman an travay nan vitès bezwen kominote nou yo. Sa ap diminye fòmalitye administratif inital ki ogmante depans epi retade pwojè moun yo deja sipòte — tout pandan y ap prezève pwoteksyon anviwònmantal ke Nouyòkè yo vin atann. Refòm sa yo pral ede vil nan nò eta a tankou Buffalo bay lojman abòdab, enfrastrikti dlo pwòp, ak envestisman dirèk nan katye nou yo san plizyè ane reta ki te ka evite."

Majistra Vilaj Port Chester, Luis Marino, te deklare, "Minisipalite tankou Port Chester ap avanse konstriksyon nouvo lojman, amelyore, epi fè enfrastrikti lokal yo pi efikas, epi dirije pwojè revitalizasyon sant vil ki pare pou kòmanse ke rezidan nou yo ak ekonomi rejyonal la depann sou yo. Pandan plizyè dènye ane yo, nou te defann envestisman transfòmasyon nan bòdmè yo, gwo amelyorasyon egou ak wout yo, inisyativ ki konsantre sou pyeton tankou The LOOP!, amelyore espas vèt nou yo, epi akòde plizyè milye inite nouvo apwobasyon plan sit lojman—tout pandan n ap navige nan delè revizyon anviwònmantal konplèks e souvan ki long. Modènizasyon reflechi nan pwosesis

SEQRA a, jan Gouvènè Hochul te pwopoze a, ka prezève pwoteksyon anviwònman tal solid pandan y ap amelyore kowòdinasyon, diminye reta nesèsè, epi bay pi gwo previzibilite pou kominote ki pare pou konstwi yon fason responsab. Refòm sa yo pral ede minisipalite tankou Port Chester avanse nan pwochen faz lojman ak pwojè multi-tilizasyon yon fason ki pi efikas, kontwole depans pwojè yo, epi kontinye ranfòse ak agrandi sant vil vibran ak dirab ki sipòte kwasans ekonomik alontèm."

Prezidan minisipalite Manhattan, Brad Hoylman-Sigal, te deklare, "Rezidan Manhattan yo ap fè fas ak yon kriz lojman ak pri k ap monte ki mande aksyon kouraj, pa yon pwosesis san fen — nan yon moman kote lwaye medyàn nan Manhattan ap apwoche 5,000 dola pa mwa, sa ki pouse fanmi k ap travay yo ak kominote vilnerab yo nan gwo pwoblèm. Ajanda Gouvènè Hochul la, Kite Yo Bati, rekonèt ke lè gouvènman an bloke nan yon biwokrasi demode, se fanmi travayè yo ak kominote vilnerab yo ki peye pri a. Refòm sa yo ap ede nou bay plis lojman abòdab, gadri, enfastrikti dlo pwòp, ak pwojè ki oryante sou klima a, pi vit e pi ekitab, tout pandan n ap kontinye pwoteje anviwònman nou ak sante piblik nou. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te avanse yon apwòch ki gen bon sans, ki an favè lojman ak klima, ki mete lokatè yo, fanmi yo ak Nouyòkè alavni yo an premye, ki ranfòse kominote yo, epi ki fè Nouyòk avanse nan direksyon yon avni ki pi jis ak dirab."

Prezidan Minisipalite Queens, Donovan Richards Jr., te deklare, "Vil nou an ak eta nou an ap fè fas ak yon kriz lojman jenerasyonèl ki mete an danje anpil fanmi k ap viv nan gwo pwoblèm pou yo vin sanzabri, epi nou dwe fè tout sa nou kapab pou nou pwoteje, prezève epi konstwi rapidman lojman abòdab. Se egzakteman sa refòm Gouvènè Hochul mete an plas yo pral fè lè yo retire biwokrasi ki te kontribye nan kriz sa a lè yo te retade epi bloke konstriksyon an san nesèsite. Mwen felisite Gouvènè a paske li te prezante inisyativ konplè li a ki rele Kite yo Bati, epi mwen fyè pou m asosye avè l nan efò sa a."

Shaun Abreu, Lidè Majorite nan Konsèy Minisipal Vil Nouyòk la, te deklare, "Fas a kriz lojman aktyèl la, nou bezwen fè tout sa nou kapab pou ogmante kantite lojman nan vil nou an epi asire ke Nouyòk abòdab pou fanmi k ap travay yo. Kite Yo Konstrui se yon inisyativ kle ki pral retire biwokrasi epi priyorize bezwen ki pi ijan yo. Se kalite gouvènman entelijan nou bezwen pou nou bati nouvo kay pi vit, epi mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te dirije efò sa a ki pral ede kreye yon avni ki pi abòdab e dirab."

Manm Konsèy Minisipal Vil Nouyòk Yusef Salaam, te deklare, "Kriz lojman ak enfastrikti nan Nouyòk pa koze pa mank lide, men pa pwosesis ki vin twò dousman, twò fragmente, e twò chè pou moman n ap viv la. Ajanda *Kite yo Bati* Gouvènè Hochul la jwenn bon ekilib lè li diminye reta nesèsè yo tout pandan l ap kenbe pwoteksyon anviwònman an epi respekte desizyon zonaj lokal yo. Refòm sa yo pral ede bay lojman, dlo pwòp, pak, ak enfastrikti kominotè Nouyòkè yo bezwen — pi rapid, pi abòdab, epi avèk responsablite."

Manm Konsil Vil Nouyòk, Selvena N. Brooks-Powers, te deklare, "Nouyòk nan mitan yon kriz lojman, epi nou dwe jwenn fason pou satisfè bezwen lojman Nouyòkè k ap travay yo. Pwopozisyon Gouvènè Hochul la pou senplifye pwosesis demode yo se yon etap enpòtan nan direksyon pou diminye reta ak depans ki pa nesèsè. Pandan refòm sa yo ap vanse, li esansyèl pou nou kontinye pwoteje anviwònman nou an, prezève kontribisyon kominote a, epi asire nouvo devlopman yo kreye opòtinite abòdab ak richès ki enpòtan pou fanmi k ap travay yo."

Sipèvizè Vil Ramapo, Michael Specht, te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou refòm SEQRA sa a ki nesèsè anpil, ki pandan twò lontan te anpeche epi retade konstriksyon lojman rejyon nou an bezwen ijan an. Senplifye règleman demode yo avèk bon sans ap pèmèt nou adrese mank lojman abòdab epi amelyore enfrastrikti esansyèl yo. Antanke yon kominote ki an favè lojman, nou swete yon devlopman entelijan ak dirab pou rezidan nou yo."

Sipèvizè Vil Amherst, Shawn Lavin, te deklare, "Refòm sa a te dwe fèt depi lontan. SEQR te yon pwoteksyon anviwònman enpòtan depi 1976, men nan anpil ka pwosesis la vin twò konplèks, sa ki kreye reta ak depans ki ogmante ki fè lojman ak redevlopman nesèsè yo pi difisil pou reyalize. Pwopozisyon Gouvènè a jwenn bon ekilib, li pwoteje sa ki enpòtan pandan l ap retire baryè ki pa sèvi objektif orijinal yo ankò. Pou Amherst, kapasite pou avanse pwojè sou tè ki deja gen enfrastrikti an plas pral trè benefik, epi nou apresye lidèchip Gouvènè Hochul nan refòm sa a."

Prezidan 32BJ SEIU, Manny Pastreich, te deklare, "Nou gen yon kriz lojman. Fason nou adrese kriz sa a dwe ekilibre ak enpak sou anviwònman an nouvo konstriksyon yo ap genyen. Pwopozisyon politik sa a kenbe pwoteksyon yo pou anviwònman an, pandan li fè li mwens konplike pou konstwi lojman. Gouvènè Kathy Hochul jwenn bon ekilib la isit la."

Prezidan Hotel and Gaming Trades Council, Rich Maroko, te deklare, "Kriz lojman nan Nouyòk menase mwayen pou viv fanmi k ap travay di atravè tout eta a. Yon lòt fwa ankò, estrateji odasye Gouvènè Hochul la montre lidèchip reyèl ak yon angajman klè pou fè Nouyòk pi abòdab pou moun ki viv ak travay isit la."

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Lojman Abòdab Eta Nouyòk la (New York State Association for Affordable Housing, NYSAFAH), Carlina Rivera, te deklare, "Nouyòk pa gen anpil tan pou l rezoud kriz lojman abòdab li a, epi reta nesèsè nan pwosesis SEQRA a ap fè li pi difisil e pi chè pou konstwi kay Nouyòkè yo bezwen yo. Refòm SEQRA Gouvènè Hochul yo pwopoze a jwenn bon ekilib lè yo senplifye revizyon pou pwojè lojman abòdab ki apwopriye tout pandan y ap prezève pwoteksyon anviwònman kritik yo. Chanjman sa yo pral diminye depans, kreye previzibilite, epi ede delivre plis kay pi vit. Nou ankouraje Lejislati a pou l travay avèk Gouvènè a pou asire refòm enpòtan sa yo rete nan bidjè final la."

Direktè Egzekitif Konferans Lojman Nouyòk la, Rachel Free, te deklare, "Refòm SEQRA a enpòtan anpil pou debloke pwodiksyon lojman nan Nouyòk. Pwosesis aktyèl

la souvan kreye plizyè ane reta, li ogmante depans yo, epi li bloke pwojè lojman ak enfrastrikti san li pa bay pi bon rezilta sou plan anviwònmanal. Modènizasyon Gouvènè a sijere a ta dwe konsantre sou pwojè ki gen enpak ki vrèman siyifikatif, tout pandan l ap diminye reta sou pwojè lojman kle yo. Refòm SEQRA a esansyèl pou fè pwomosyon lojman abòdab ak vitalite ekonomik Nouyòk bezwen ijan an tout pandan y ap kenbe pwoteksyon anviwònmanal solid."

Direktè Federasyon Nasyonal Biznis Endepandan (National Federation of Independent Business, NFIB) nan Eta Nouyòk, Ashley Ranslow, te deklare, "Pwopozisyon Gouvènè Kathy Hochul la pou refòm SEQRA a se yon etap pratik e nesèsè pou ede senplifye epi akselere pwosesis devlopman ak konstriksyon an. Nan Nouyòk, sa pran twòp tan ak resous pou lanse yon pwojè — sa ki inevitableman ogmante pri konstriksyon an. Refòm SEQRA a pral diminye biwokrasi, akselere pwojè konstriksyon yo, epi fè yo pi abòdab, sa ki finalman ap ede ekonomi eta a, ti biznis yo, ak kominote yo atravè eta a."

Prezidan ak Direktè Jeneral Vil Nouyòk la, Steven Fulop, te deklare, "Souvan mwen tande manm Konsèy Administrasyon Patenarya a di SEQRA bezwen reparasyon depi lontan. Li initalman biwokratik, epi li rann pwojè yo trennen. Mwen kontan Gouvènè Hochul ap pran responsablite sa a, paske se yon faktè ki pa nesèsè k ap ogmante pri devlopman lojman nan vil la."

Annemarie Gray, Direktè Egzekitif nan Open New York, te deklare, "Modènize SEQRA konsène retabli konfyans ke gouvènman nou an ka delivre sa Nouyòk yo bezwen. Lè pwojè esansyèl pase senk ane ap tann akòz papyè, moun pèdi konfyans nan gouvènman an. Kounye a, nou ap fè fas ak alafwa yon kriz aksesibilite ak yon kriz klimatik—sa yo mande aksyon imedyà, epi fanmi Nouyòk yo pa ka peye tann plizyè ane akòz reta ki lakoz pa pwosè inital. Nou felisite Gouvènè Kathy Hochul paske l pran sa an chaj epi nou ankouraje Lejislati Eta a paske yo adopte refòm SEQRA nan bidjè eta ane sa a."

Andrew Rein, Prezidan Komisyon Bidjè Sitwayen yo, te deklare, "Nou felisite Gouvènè Hochul paske l pwopoze etap odasye sa a pou ankouraje pwodiksyon lojman ki pi nesèsè yo. Refòm pwosesis revizyon anviwònman ki lou a pral fè konstriksyon lojman vin pi bon mache ak pi rapid, san okenn depans siplemantè pou Eta a. Se kalite chwa entelijan sa a ki pral fè eta nou an vin pi abòdab ak konpetitif."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Greater Rochester a ak Ansyen Gouvènè Adjwen, Robert Duffy te deklare, "Mwen felisite plan Gouvènè Hochul pou refòm ak modènize pwosesis SEQR la. Pwosesis aktyèl la ak delè ki long yo fè Eta Nouyòk vin bokou mwens atiran ak konpetitif pou konstriksyon ak kwasans. Pwosesis SEQR aktyèl la ansanm ak lòt obstak regilasyon yo te ralanti konstriksyon kay yo anpil nan yon moman kote Eta Nouyòk bezwen lojman kounye a plis pase tout tan. Gouvènè a gen rezon ak pwopozisyon li a — ki pral gen yon enpak pwofon sou lojman, konstriksyon, ak ekonomi nou an."

Tom Wright, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Asosyasyon Plan Rejyonal, te deklare, "Refòm nan Lwa Eta sou Revizyon Kalite Anviwònman (SEQRA) an pral ede akselere enfrastrikti entelijan ak dirab nou bezwen nan rejyon nou an, epi nou felisite Gouvènè Kathy Hochul pou lidèchip odasye li nan pran travay sa a ki te dwe fèt depi lontan. Depi plis pase san ane, RPA a te konsantre sou yon misyon prensipal: amelyore kalite lavi atravè rejyon twa eta a lè l avanse solisyon ki mennen nan vitalite ekonomik, rezistans anviwònman, ak kominote ki an sante epi k ap pwospere. Modènizasyon SEQR pral pote limyè vèt pou envestisman nan lojman, enèji, ak transpò Nouyòkè yo sipòte, e ke rejyon nou an bezwen pou rete konpetitif, ekitab, ak rezistan."

Direktè Egzekitif Asosyasyon pou yon Pibon Island Long (Association for a Better Long Island) Kyle Strober, te deklare, "Sa a se yon mizajou enpòtan pou kominote devlopman ekonomik Nouyòk la. Youn nan pi gwo baryè pwojè devlopman ekonomik yo fè fas se delè ki enprevezib ak depans siplemantè ki twò wo pou pwojè piti ak mwayen. Refòm sa yo, ke Gouvènè Hochul pwopoze, pral ede ankouraje devlopman ekonomik, kreye lojman, epi fè Nouyòk vin pi abòdab."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Kontraktè Long Island (Long Island Contractors' Association) Ian, Marc Herbst, te deklare, "Kontraktè atravè Long Island yo akeyi efò pou modènize SEQRA pou pwojè enfrastrikti esansyèl yo ka avanse nan yon fason ki pi rapid ak previzib. Senplifye revizyon pou pwojè ki gen enpak anviwònman minim pral ede kominote yo pote amelyorasyon kritik nan wout, dlo, enèji, ak enstalasyon piblik — sa ki pral sipòte travay lokal ki byen peye pandan y ap kenbe estanda anviwònman ki solid."

Lisa Daglian, Direktè Egzekitif, Komite Konsiltatif Sitwayen Pèmanan (Permanent Citizens Advisory Committee) pou MTA, te deklare, "Refòm SEQR se yon konpleman esansyèl pou pwojè devlopman oryante sou transpò nan rejyon MTA a, pandan l ao konbat kriz aksesibilite lojman ak chanjman klimatik an menm tan. Nou felisite Gouvènè Hochul paske l pran lwa bon sans sa a an chaj, ki pral retire twòp epi ankouraje plis itilizasyon transpò piblik atravè rejyon an."

Direktè Egzekitif Konsèy Devlopman Ekonomik Eta Nouyòk la, Ryan M. Silva, te deklare, "Redui biwokrasi ak diminye delè pou apwobasyon pwojè yo esansyèl pou reyalize objektif nou nan lojman, devlopman ekonomik, ak enèji renouvlab. Pwopozisyon gouvènè a pou egzante pwojè lojman apati SEQRA epi enstale yon plafon de ane pou revizyon se yon premye etap enpòtan ak nesès pou ede sipòte klima biznis nan Eta Nouyòk. Inisyativ sa yo pral ede diminye depans pwojè yo, kreye previzibilite nan pwosesis apwobasyon pèmi yo, epi kreye opòtinite ekonomik atravè tout Eta a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Konte Westchester, Michael N. Romita, te deklare, "Refòm SEQRA Gouvènè Hochul yo se yon etap trè enpòtan pou adrese mank lojman kritik nan Eta a. Malgre fondasyon nòb li yo, pandan dènye mwatye syèk la, SEQRA vin abize plis ak plis akòz twòp itilizasyon ak modènizasyon li ki te deja depase tan. Refòm sa yo pa ranplase kontwòl lokal, epi yo pa egzijè kominote

yo chanje règleman sou itilizasyon tè nan zòn yo. Okontrè, yo bay ofisyèl lokal yo plis kapasite pou reponn a bezwen jodi a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Long Island (Long Island Association, LIA) Ian, Matt Cohen, te deklare, "Biwokrasi ak twòp regilasyon etoufe inovasyon epi anpeche pwojè ki nesèsè anpil ki kontribye nan kwasans ekonomik. LIA felisite pwopozisyon Gouvènè a pou senplifye revizyon anviwònman pou nouvo lojman, sa ki pral ede anpil pou adrese kriz egzistansyèl pri lavi nou sou Long Island."

Prezidan Asosiyasyon Vil ak Vilaj Adirondack yo, Prezidan Konsèy Lejislatè Konte Essex ak Sipèvizè Vil Minerva, Steve McNally, te deklare, "Malgre li p ap yon solisyon majik pou kriz lojman an, li pral san dout akselere bagay yo. Gouvènè a vrèman koute, e nou apresye èd li ap ban nou an."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Biznis Eta Nouyòk la, Heather Mulligan, te deklare, "Mank lojman nan Nouyòk se yon sous enkyetid ekonomik k ap kontinye nan tout rejyon Eta Nouyòk. Modènize règ revizyon anviwònman yo — san yo pa anpeche pwoteksyon yo — ka koupe plizyè ane biwokrasi, bese depans konstriksyon, epi akselere livrezon lojman ke fanmi ak travayè yo ka peye. Akselere pwojè envestisman esansyèl yo — pral sipòte kreyasyon travay, kwasans kominotè, epi ede fè Nouyòk vin pi konpetitif."

Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Biznis Rockland Ian, Jeffrey Greenberg, te deklare, "Pwopozisyon Gouvènè Hochul pou redui biwokrasi ak modènize pèmi yo se yon etap entelijan ak bon sans pou Nouyòk. Lè yo senplifye pwosesis demode yo pandan y ap kenbe pwoteksyon anviwònman ak opinyon piblik, refòm sa yo pral ede Rockland avanse pwojè kritik pi rapid ak yon pri pi ba pandan yo sipòte kwasans ekonomik atravè Eta Nouyòk an menm tan."

Vis Prezidan Egzekitif Konsèy Biznis Westchester (Westchester Business Council, BCW), John Ravits, te deklare, "BCW te toujou defann Refòm SEQR la. Pwopozisyon Gouvènè Hochul pou senplifye pwosesis pèmi ak revizyon anviwònman nan Nouyòk se yon etap pratik pou ede kominote yo konstwi pwojè yo yon fason pi efikas. Lè yo diminye reta ki pa nesèsè pandan y ap kenbe pwoteksyon anviwònman solid ak angajman piblik, refòm sa yo pral bese depans yo, amelyore delè yo, epi sipòte pwojè lojman, enfrastruktir, ak devlopman ekonomik ke rejyon nou an bezwen."

Prezidan Asosyasyon Konstriktè Eta Nouyòk, Peter Florey, te dweklare, "Li enpòtan pou nou retounen nan entansyon orijinal pwosesis SEQR la, ki te pou pwoteje anviwònman nou an. SEQR pa te gen entansyon sèvi kòm yon mwayen pou ralanti oswa anpeche pwodiksyon lojman ki nesèsè anpil. Rekòmandasyon enpòtan Gouvènè Hochul yo pral kontribiye anpil nan ede asire SEQR itilize pou sipòte pwodiksyon lojman ak aksesibilite pandan li pwoteje tou anviwònman nou an."

Vis Prezidan Prensipal Pwogram Enterprise Community Partners la, Baaba Halm, te deklare, "Lè sa gen pou wè ak livrezon lojman abòdab, chak segonn konte. Twò

souvan, SEQR kreye baryè ki long, chè, epi pafwa enposib pou pwojè lojman abòdab yo. Enterprise bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li rekonèt refòm SEQR ki rezonab se yon fason pou akselere livrezon kay abòdab Nouyòkè yo bezwen anpil."

Vis Prezidan Egzekitif Politik Piblik Real Estate Board of New York la, Basha Gerhards, te deklare, "Refòm reflechi Gouvènè a fè nan SEQRA pral akselere pwodiksyon nouvo lojman epi ap pèmèt ekonomize anpil tan ak lajan. Nou felisite administrasyon an paske li idantifye yon solisyon pou fasilite pwosesis sa a pandan y ap pwoteje opòtinite pou revizyon lokal."

Direktè Egzekitif Jeneral Building & Realty Institute of the Hudson Valley, Tim Foley, te deklare, "Nou konnen bon politik lojman ak bon politik klima mache ansanm, epi lojman ki byen konsevwa, ki efikas nan itilizasyon enèji epi ki itilize sit ki deja devlope, ka ede rezoud mank lojman nou an pandan li diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik an menm tan. Twò souvan, se pwojè ki t ap pote benefis pou anviwònman ak kominote a menm ki vin antrave akòz revizyon anviwònmantal ki long, enprevizib, epi chè ansanm ak tout defi ki genyen. Nou felisite lidèchip Gouvènè Hochul ki pwopoze yon fason pou debloke obstak sa yo epi kreye ankourajman pou konstriksyon kay ki gen yon dansite modere, bati yon fason dirab, jan nou bezwen pou asire Nouyòk rete abòdab pou tout moun ki vle viv ak travay isit la."

Direktè Egzekitif Jeneral Long Island Builders Institute la, Mike Florio, te deklare, "Mank lojman Nouyòk la se yon kriz ki mande aksyon, epi refòm Gouvènè Hochul pwopoze pou SEQRA se yon etap enpòtan nan bon direksyon an. SEQR pa t janm fèt pou li tounen yon zouti pou retade oswa bloke konstriksyon lojman nou bezwen anpil pandan plizyè ane. Modènize pwosesis revizyon an pandan n ap kontinye bay bon jan pwoteksyon anviwònmantal ap ede kominote yo bati lojman pi rapid, diminye depans pou fanmi yo, epi ankouraje yon kwasans entelijan ak responsab atravè Long Island ak tout Eta Nouyòk."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Rejyon Kapital la ak Sant pou Kwasans Ekonomik, Mark Eagan, te deklare, "Lè moun ap konfwonte ak tout biwokrasi sa yo, li ka bay anpil dekourajman pou fè biznis nan Eta Nouyòk. Pwopozisyon sa a se yon egzantp konkrè ki montre Gouvènè Hochul ap koute demann nou pou fè Eta Nouyòk vin pi konpetitif. Sa pral pèmèt devlopè yo konstwi plis lojman, konsa y ap ka ede rezoud kriz aksesibilite a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Orange County Partnership Center for Economic Development, Conor Eckert, te deklare, "Lè nou modènize SEQRA, Nouyòk ap ka travay ansanm pou avanse pwojè devlopman ekonomik ki kreye djòb yo yon fason pi efikas, pandan y ap kontinye bay bon jan pwoteksyon anviwònmantal. Refòm sa yo ap ede atire investisman, ranfòse ekonomi rejyonal yo, epi asire kominote atravè tout eta a ka grandi ak pwospere. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan zafè sa a."

Direktè Egzekitif Long Island Housing Services, Ian Wilder, te deklare, "Nan Long Island, SEQRA depi lontan te yon zouti esansyèl pou pwoteje dlo pou bwè nou, espas vèt, ak bon jan kalite lè a, e pwoteksyon sa yo dwe kontinye rete solid. An menm tan, gen yon ti kantite moun k ap aji ak move fwa ki abize lwa a pou retade oswa bloke konstriksyon lojman ki legal ak respekte anviwònman an — espesyalman devlopman ki ogmante dansite iben, kay ki respekte kòd ak sistèm egou apwopriye, ansanm ak inite lojman akseswa yo. Refòm SEQRA ki fèt ak refleksyon ap retabli ekilib. Li kenbe evalyasyon anviwònmantal ki solid pandan li diminye move itilizasyon ki te agrave ak konjesyon trafik epi ankouraje elajisman dezòdone ki mete plis presyon sou dlo anba tè ak enfrastrikti yo. Sou yon zile kote tè a limite epi gen yon gwo mank lojman, lojman entelijan ak konpak pa an konfli ak pwoteksyon anviwònmantal — okontrè, se youn nan fason ki pi efikas pou rive atenn li."

Direktè Egzekitif Central New York Fair Housing, Sally Santangelo, te deklare, "Lojman ki jis fleri nan kominote ki sipòte divèsite lojman, fasilite pou moun mache, ak transpò piblik. CNY Fair Housing sipòte refòm SEQR ki mete ajou pwoteksyon anviwònmantal enpòtan sa a pou ankouraje kwasans enklizif ak dirab, pou l agrandi opòtinite lojman pou tout moun nan Eta Nouyòk."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Win, Christine C. Quinn, te deklare, "Gen plis timoun nanabri pou moun ki sanzabri nan Nouyòk pase kantite plas ki genyen nan Estad Yankee. Si nou vle mete fen nan kriz moun san kay la, nou dwe fè tout sa nou kapab pou akselere devlopman lojman abòdab yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou jan li ap chèche fason pou retire biwokrasi yo epi akselere konstriksyon plis lojman pou Nouyòkè ki bezwen sa anpil."

Direktè Egzekitif Konferans Lojman Nouyòk la, Rachel Fee, te deklare, "Refòm SEQRA a enpòtan anpil pou debloke pwodiksyon lojman nan Nouyòk. Pwosesis aktyèl la souvan kreye plizyè ane reta, li ogmante depans yo, epi li bloke pwojè lojman ak enfrastrikti san li pa bay pi bon rezilta sou plan anviwònmantal. Modènizasyon Gouvènè a sijere a ta dwe konsantre sou pwojè ki gen enpak ki vrèman siyifikatif, tout pandan l ap diminye reta sou pwojè lojman kle yo. Refòm SEQRA a esansyèl pou fè pwomosyon lojman abòdab ak vitalite ekonomik Nouyòk bezwen ijan an tout pandan y ap kenbe pwoteksyon anviwònmantal solid."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare, "Nou sipòte efò Gouvènè Hochul pou diminye biwokrasi epi refòme règleman ki limite aksè Nouyòkè yo a lojman, enèji, enfrastrikti ak devlopman ekonomik. Nou anvi travay avèk Gouvènè a, ajans eta yo ak otorite lokal yo pou modènize apwòch Nouyòk anviwònman ak konstriksyon ak kwasans ekonomik pandan n ap fè konpetisyon pou envestisman epi n ap fè fas ak defi yon mache mondyal ki toujou ap chanje."

Prezidan Asosyasyon Ajan Imobilye Eta Nouyòk (New York State Association of REALTORS®) la, Ron Garafalo, te deklare, "Asosyasyon Ajan Imobilye Eta Nouyòk la sipòte pwopozisyon Gouvènè Hochul la pou senplifye lwa sou Revizyon Kalite

Anviwòmantal (SEQRA) Eta Nouyòk la. Pwopozisyon yo pral akselere delè pwojè pou inisyativ kle tankou bezwen kritik pou lojman, akselere aplikasyon pwojè enfrastrikti nesèsè yo, diminye biwokrasi epi konsantre sou revizyon enpòtan tout pandan y ap kenbe pwoteksyon anviwòmantal solid. Refòm sa yo esansyèl pou adrese pwoblèm abòdablite lojman atravè Nouyòk."

Prezidan Asosyasyon Ofisyèl Vilaj Konte Suffolk la ak Majistra Vilaj Brightwaters, John Valdini, te deklare, "Asosyasyon Ofisyèl Vilaj Konte Suffolk la sipòte efò ki gen bon sans pou diminye biwokrasi ki pa nesèsè epi ede kominote yo ak yon kwasans entelijan ak responsab. Apwòch Gouvènè Hochul la respekte zonaj lokal la ak règ otonòm yo pandan l ap senplifye yon pwosesis ki twò souvan retade pwojè rezidan nou yo bezwen yo."

Direktè Devlopman Ekonomik Konte Ontario a, Ryan Davis, te deklare, "Konsèy Sipèvizè Konte Ontario a fikse objektif sa yo pou lojman nan Konte Ontario: divèsifye chwa lojman pou akomode tout etap ak bezwen vital yo; fasilite ekspansyon lojman nan zòn ki apwopriye pou ankouraje kwasans; epi, estabilize ansyen lojman Konte Ontario yo. Nan pozisyon mwen kòm Devlopè Ekonomik, mwen te temwen ke twò souvan objektif "pwo-lojman" pou anpil nan minisipalite nou yo te bloke akòz règleman evalyasyon anviwòmantal ki twò lou epi ki koute chè san nesèsite. Kominote nan rejyon Finger Lakes yo ap fè fas ak anpil defi nan sa i gen pou wè ak kwasans rezidansyèl ki gen anpil demand – Mwen kwè refòm "Kite yo bati" Gouvènè Hochul la pral ede retire kèk nan baryè sa yo pou ekspansyon lojman nan Konte Ontario e mwen felisite li dèske li fè sa yon priyorite."

Prezidan ak Direktè Jeneral Vil Nouyòk la, Steven Fulop, te deklare, "Souvan mwen tandè manm Konsèy Administrasyon Patenarya a di SEQRA bezwen reparasyon depi lontan. Li initalman biwokratik, epi li rann pwojè yo trennen. Mwen kontan Gouvènè Hochul ap pran responsablite sa a, paske se yon faktè ki pa nesèsè k ap ogmante pri devlopman lojman nan vil la."

Direktè Egzekitif Rebuilding Together NYC, Valerie Payne, te deklare, "Antanke Direktè Egzekitif Rebuilding Together NYC, ki gen misyon pou repara kay, rebati lavi, epi revitalize kominote yo, travay nou an dirèkteman aliye ak inisyativ Gouvènè a pou 'Kite yo Bati'. Antanke yon òganizasyon san bi likratif ki bay reparasyon esansyèl pou prezève kay ki deja egziste nan mitan yon kriz lojman, nou konprann byen klè nesèsite pou konstwi plis epi amelyore enfrastrikti katye yo nan Vil Nouyòk. Nou travay ak anpil pwopriyetè kay ki pa gen mwayen pou kenbe kay yo epi k ap viv ak yon revni fiks. San sipò nou, yo pa gen okenn kote pou yo ale. Reparasyon enpòtan nou yo nan kay la anpeche moun deplase, epitou moun ki te ka al lopital akòz granmoun k ap viv ak danje anviwòmnan an, epi prezève byen fanmi yo. Si yo oblije demenaje, pwopriyetè kay yo pa t ap kapab peye lwaye nan yon nouvo bilding. "Kite yo Bati" ofri espwa ke aavni, pwopriyetè kay ki gen ti revni nan Vil Nouyòk yo p ap nan yon pozisyon vilnerab konsa. Mèsi, Gouvènè Hochul."

Direktè Egzekitif Rezo Lojman ki Bay Sipò nan Nouyòk (Supportive Housing Network of New York), Pascale Leone, te deklare, "Rezo a pataje fòtman angajman Gouvènè a pou konstwi plis lojman, ki gen ladan lojman sipò ki nesèsè an ijan. Refòm yo pwopoze nan bidjè ane sa a byen balanse pwoteksyon anviwònman an ak bezwen ijan pou adrese kriz lojman Nouyòk la",

Valerie White, Chèf Inisyativ Estratejik Lojman Nasyonal LISC NY ak Direktè Egzekitif Prensipal la, te deklare, "Fason ki pi efikas pou adrese kriz lojman nan Nouyòk se bati plis lojman, epi retire baryè ki ralanti pwojè yo oswa ki kanpe yo nèt lè nou diminye biwokrasi epi modènize règ demode yo ap ede atenn objektif sa a. Gouvènè Hochul k ap avanse refòm enpòtan sa yo pral ankouraje devlopman lojman atravè Eta Nouyòk epi n ap tann ak enpasyans pou nou wè kijan y ap ede katye yo grandi nan fason ki santre sou kominote a, dirab, epi ki reponn ak bezwen lojman reyèl yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral CDC LI, Gwen O'Shea, te deklare, "Long Island gen yon gwo kriz lojman; an pati akòz mank envantè ak mank abòdablite. Retire baryè ki pa nesèsè pou pèmèt plis opòtinite lojman devlope se yon viktwa pou tout Long Island. Pwopozisyon sa a pral pèmèt plis kay disponib pou moun Long Island yo tout pandan y ap pwoteje sengilarite ak bote anviwònman Long Island lan."

Vicki Been, Direktè Fakilte Sant Furman nan NYU, te deklare, "Sant Furman nan NYU (NYU's Furman Center) a gen lontan depi l ap sòlve enkyetid sou si depans pwosesis revizyon anviwònmantal pou lojman entèkalè ak kèk lòt kalite devlopman yo depase benefis yo. Gen kèk lòt eta ki kòmanse fè pwogrè nan senplifye ak sibler revizyon anviwònmantal, epi nou felisite Gouvènè Hochul ak ekip li a paske yo te abòde pwoblèm enpòtan sa a pou Nouyòk."

Majistra Vil Buffalo a, Sean Ryan, te deklare, "Bezwen Buffalo pou plis lojman ak modènizasyon enfrastruktir esansyèl nou yo parèt chak jou", Majistra Sean Ryan te deklare. "Ajanda 'Kite yo Bati' Gouvènè Hochul la ede gouvènman an travay nan vitès bezwen kominote nou yo. Sa ap diminye fòmalitye administratif inital ki ogmante depans epi retade pwojè moun yo deja sipòte — tout pandan y ap prezève pwoteksyon anviwònmantal ke Nouyòk yo vin atann. Refòm sa yo pral ede vil nan lòt eta a tankou Buffalo bay lojman abòdab, enfrastruktir dlo pwòp, ak envestisman dirèk nan katye nou yo san plizyè ane reta ki te ka evite."

Prezidan Asosyasyon Ofisyèl Vilaj Konte Nassau a, Elena Villafane, te deklare, "Asosyasyon Ofisyèl Vilaj Konte Nassau a sipòte efò pou senplifye pwosesis apwobasyon an, elimine obstak ki pa nesèsè, epi bay kominote yo zouti pou yo aji avèk efikasite. Prezève desizyon lokal yo sou zonaj trèzenpòtan, epi plan Gouvènè Hochul la pèmèt vilaj yo avanse nan yon kwasans ki fè sans."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman Nouyòk la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi vivab pou tout Nouyòk yo. Depi ane fiskal 23 a, Gouvènè a te travay pou

ogmante rezèv lojman atravè prèske 4 milya dola nan investisman siblé, yon Plan Lojman konplè, epi li te aplike nouvo pwoteksyon pou lokatè ak pwopriyetè kay. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, HCR te kreye nouvo pwogram ki te lanse devlopman kay abòdab ak kay pou moun ki gen revni miks — pou alafwa lokatè ak pou moun k ap achte kay yo. Sa yo enkli Pwogram Kominote an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) an, ki pèmèt lokalite sètifye yo jwenn aksè eksklizif ak jiska 750 milyon dola nan finansman diskresyonè Eta a. Kounye a, plis pase 400 kominote te resevwa sètifikasyon an Favè Lojman.

Bidjè Ane Fiskal 2027 Adopte konplete Plan Lojman senkan, 25 milya dola Gouvènè a pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 77,000 lojman abòdab jiska dat. Bidjè Egzekitif la investi tou 250 milyon dola pou akselere konstriksyon lojman abòdab pou akselere konstriksyon plizyè milye lòt kay abòdab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)